



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a novo nominasyon nan administrasyon an.

"Pandan n ap rekipere nou anba pandemi COVID-19 la, mwen pran angajman pou nonmen fonksyonè piblik ki pi devwe ak kalifye pou travay avè m nan bay rezulta ak rezoud pwoblèm pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Tania Dissanayake, Marcos Gonzalez Soler, ak James Katz pote yon richès ak divèsite eksperyans nan administrasyon mwen an e mwen fyè pou m nonmen yo pou talan fòmidab yo pral pote pou sèvi pèp Eta New York la."

Yo te nonmen **Tania Dissanayake** kòm **Sekretè Adjwen pou Lojman**. Dènyèman, Tania te sèvi kòm Direktè Adjwen pou Biwo Afè Lejislatif Eta (Office of State Legislative Affairs) Majistra Vil New York la, kote li te aji kòm yon konseye pou Direktè li a ak ofisyèl administratif Prensipal yo sou zafè enpòtqn ki gen enpak sou Vil Nouyòk pandan l ap ede nan sipèvize Reprezantan Lejislatif Biwo yo ak Konseye Prensipal yo. Tania te antre nan vil la an 2016 kote li, nan divès kapasite, te jere yon pòtfolyo ki gen jiska senkant ajans ak otorite Vil la. Prensipalman, Tania te avanse travay entègouvènmantal eta nan Depatman Konsèvasyon & Developman Lojman (Department of Housing Preservation & Development), Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority), Kòporasyon Developman Ekonomik (Economic Development Corporation), Kòporasyon Developman Lojman (Housing Development Corporation), Depatman Planifikasyon Vil (Department of City Planning), Depatman Finans (Department of Finance), Depatman Batiman (Department of Buildings), Depatman Ponpye New York (Fire Department of New York), ak Biw pou Aplikasyon Espesyal (Office of Special Enforcement) Majistra a. Anvan sèvis nan Vil la, Tania te Direktris Lejislatif Wilson Elser Moskowitz Edelman & Dicker LLP epi li te kòmanse karyè li nan Sena Eta New York la. Tania te gradye summa cum laude (avèk pi gwo distenksyon) nan SUNY University nan Albany Honors College, e li te genyen yon diplòm Lisans ak yon espesyalizasyon nan Syans Politik, Konsantrasyon sou Dwa Piblik.

Yo te nonmen **Marcos Gonzalez Soler** kòm **Sekretè Adjwen pou Sekirite Piblik**. Dènyèman, Marcos te sèvi kòm direktè Biwo Majistra pou Jistis Penal (Mayor's Office of Criminal Justice, MOCJ) Vil New York kote li te travay depi 2015. MOCJ konseye Majistra a sou estrateji sekirite piblik epi, ansanm ak patnè anndan ak deyò gouvènman an, devlope solisyon pou pwoblèm sekirite piblik Vil la. Marcos te sipèvize operasyon ak pwogram biwo a yo ak yon bidjè 950 milyon dola, 180 anplwaye, ak patenarya ak plis

pase 300 òganizasyon kominotè ak òganizasyon san bi likratif atravè plis pase 500 kontra. Nan kad lidèchip li, Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury) an te bay Vil Nouyòk yon prim inovasyon 20 milyon dola nan kad pwogram Lwa sou Patenarya Enpak Sosyal pou Peye pou Rezulta (Social Impact Partnership to Pay for Results Act, SIPPRA) - ki se dezyèm prim nasyonal konsa a - pou inisyativ li a pou redwi vyolans ak zam atravè entèvansyon ki baze nan kominote a. Li se yon pwofesè adjwen tou nan John Jay College of Criminal Justice (CUNY). Anvan sa, Marcos te Direktè Egzekitif Adjwen pou Politik nan Konsèy Revize pou Plent Sivil la ak yon Siveyan Federal Adjwen nan akò pou refòm dirab Lapolis Pòtoriko a. Li se yon diplome nan New York City Leadership Institute (Enstiti Lidèchip Vil Nouyòk) epi li se yon resipyandè pwogram Bous Etid Siperyè Majistra a. Marcos gen yon Ph.D. (doktora) nan politik ak Metriz nan politik piblik ak jesyon nan New School University (New York). Li se resipyandè prim Hannah Arendt pou pi bon tèz nan politik. Li gen diplòm lisans ak diplòm dwa nan plizyè inivèsite Ewopeyen an.

Yo te nonmen **James Katz Sekretè Adjwen pou Developman Ekonomik ak Mendèv**. Li rejwenn Chanm Egzekitif nan Biwo Prezidan Awondisman an, kote li te sèvi kòm Prezidan Awondisman Adjwen epi li te dirije negosyasyon wo nivo sou itilizasyon tè, te sèvi kòm yon administratè ak Prezidan Odit nan Sistèm Retrèt Anplwaye Vil Nouyòk la, epi li te reprezante Prezidan Awondisman nan konsèy ki gen anpil konsèvasyon pak ak Distri Amelyorasyon Biznis vil la. Anvan li te rantre nan Biwo Prezidan Awondisman an, Katz te yon Vis Prezidan Egzekitif ak Chèf Kabinè nan Kòporasyon Developman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC) pandan sèt ane. Nan kapasite sa a, li te yon ofisyè prensipal nan sosyete a epi li te jwe yon wòl santral nan anpil nan efò wo nivo vil Nouyòk nan itilizasyon tè, konstriksyon kapital ak developman ekonomik. Li te prensipalman responsab jesyon chak jou nan Kad siperyè NYCEDC la ansanm ak kat depatman ki enkli Gwoup Envestisman Estratejik yo (branch envestisman ki akse sou misyon NYCEDC la) ak depatman Gouvènman ak Relasyon Kominotè, Afè Piblik, ak Maketin li yo. Yon avoka pa fòmasyon, Katz ap retounen nan sèvis Eta a apre li te deja sèvi kòm yon Konseye Prensipal ak Avoka Espesyal nan Pwokirè Jeneral Eta New York la, kote li te travay sou zafè aplikasyon ak zafè lejislatif ki gen rapò ak gouvènans san bi likratif ak entegrite piblik. Katz gen yon JD nan Harvard Law School, yon Metriz nan Politik Piblik nan Harvard Kennedy School ak yon lisans nan Brown University. Li abite Brooklyn ak madanm li ak de pitit li.

###

Lòt nouvèl disponib sou [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418